

# Gid 2024 pou moun k ap vote



**2024**

**Dat eleksyon**

**Primè: 20 Out 2024**

**Jeneral: 5 Novanm 2024**

- **Anrejistre pou w vote alè pou w gen yon pawòl nan lavni ou vle pou pitit ou yo ak kominote w la.**

Paran, ak moun k ap bay edikasyon preskolè, edikatè ak defansè dwa: vote pou fè tande vwa w. Lidè kap eli yo pral pran desizyon sou kalifikasyon ak finansman pou pwojè ak inisyativ pou ou menm ak pitit ou yo.

**Delè anrejistreman pou moun k ap vote yo**

**Eleksyon jeneral:  
7 Oktòb 2024**



<https://registertovoteflorida.gov/home>

## Kòman pou vote

- **Nan jou eleksyon an**
  - Ou DWE vote nan biwo vot ki deziyen pou ou a.
- **Pou w' vòtebonè**
  - **26 Oktòb - 2 Novanm**
  - Tcheke sitwèb Sipèvizè Eleksyon lokal ou a pou konnen ki kote ak ki lè pou ou vote a.
- **Pou w' vòtepa lapòs**
  - Mande yon bilten vòt pa lapòs anvan 24 oktòb.
  - Biwo vòte la dwe resevwa bilten vòt yo anvan 7 pm jou eleksyon an.

**Konsilte gid konplè nou an:**



## Kòman pou angaje

- **Mande kandida w yo**
  - Ki sa w panse ki pi gwo pwoblèm pou fanmi ki gen timoun piti, e ki jan w ta abòde yo?
  - Kisa w ta fè pou amelyore sante manman ak tibebe nan Florid?
  - Ki sa w ta pwopoze pou ogmante aksè nan opsyon gadri bon jan kalite epi bon mache pou fanmi yo?
- **Pataje listwa w**
  - Si w rankontre yon kandida, **pa ezite pataje istwa pèsònèl ou ak li.**
  - Lè dirijan nou yo konprann plis sou lavi elektè yo, yo ka fè pi bon politik, pran pi bon deiszyon pou nou.

